

Féy Ranséymán



Tout moun gen ris pou yo vin entoksike lè yo ekspoze a oksid kabòn. Se granmoun ki pi aje yo e ki deja ap soufri ak kèk kondisyon medikal, tankou maladi kadyak kwonik, anemi, oswa pwoblèm respiratwa, ki pi siseptib pou sibi efè gaz sa a ki san odè e san koulè.

Out 2009

Kouman pou evite entoksikasyon ak oksid kabòn

Enfòmasyon pou granmoun aje ak pwofesyonèl ki bay yo swen

Eske w konnen ke oksid kabòn (CO) se kòz lanmò pa entoksikasyon ki pi komen ou jwenn nan Etazini? Entoksikasyon envołontè ak CO responsab pou apeprè 500 lanmò ak 15.000 vizit nan sal dijans chak ane. Se sitou granmoun aje ki gen plis pase 65 an yo ki pi vilnerab a entoksikasyon envołontè ak CO, akoz ke trè souvan yo deja genyen plizyè pwoblèm medikal y ap soufri de yo.¹ Byenke alam pou CO kapab sove lavi moun, se mwens ke letyè kay ameriken yo ki genyen enstalasyon alam sa yo ladan yo.²

Kisa oksid kabòn (CO) ye?

CO se yon gaz ki pagen ni odè ni koulè e ki kapab koze maladi ak lanmò. Sa ki pwodwi li, se lè y ap boule nenpòt kalite kabiran, tankou gaz natirèl, pwopàn, gazolin, lwil, kewozin, bwa oswa chabon. Nan pami aparèy ki konn pwodwi CO genyen machin, bato, motè ki mache ak gazolin, fou ak aparèy chofaj. Bagay ki konn emèt CO sa yo konn akimile nan espas ki fèmen nèt oswa espas ki fèmen a demi. Lè yon moun respire CO, gaz toksik la antre nan sikilasyon san moun nan epi li anpeche kò a absòbe oksijèn ladan l, lè konsa

tisi yo vin andomaje e rezulta a se lanmò.³

Kisa sentòm entoksikasyon ak CO yo ye?

Pou majorite moun, premye siy ki montre yo te ekspoze a kèk ti konsantrasyon CO, se yon leje maltèt ak esoufleman lè yo sot fè yon ti ekzèsis ki pa twò di. Lè yo anba yon ekspozisyon ki kontinye oswa ki vin ak fòs, yo kapab vin gen dè sentòm ki sanble lagrip ansanm ak gwo maltèt, vètij, fatig, lestomak boulvèse, konfizyon, nèvozite, epitou yo konn pèdi bonsans yo, memwa yo ak sans kowòdinasyon yo.⁴ Si yo rele CO "ansasen silansye" ("silent killer", nan lang angle), se paske, lè yo pa rekonèt premye siy li bay yo, yon moun kapab pèdi konesans e, lè konsa, li pap gentan kouri chape pou li sot nan danje a.

Ou ka pa montre okenn sentòm menm lè ou ekspoze a dè nivo CO ki danjere.

Si yon moun respire yon ti kantite CO konsantre, li ka pa montre okenn sentòm entoksikasyon ak CO ki aparan, poutan si moun nan ekspoze a dè nivo CO ki fèb, sa ka


lakòz sante moun nan andomaje alontèm, menm apre ke yo ta elimine sous CO a. Pami kèk nan efè sou sante sa yo, genyen domaj newolojik alontèm, kòm pa egzanp, kapasite pou aprann ak memwa ki vin diminye, pwoblèm emosyonèl ak pwoblèm nan pèsonalite, ak twoub nan kapasite pou itilize sans yo ak twoub pou deplase.⁵

Ki moun ki andanje pou yo entoksike ak CO?

Moun tout laj kouri ris pou yo entoksike ak CO. Toutfwa, moun k ap viv ak yon maladi kè ki kwonik, anemi, oswa ki gen pwoblèm respiratwa yo pi vilnerab a efè l yo.⁶ Granmoun ki pi aje yo leplisouvan te deja gen pwoblèm medikal nou sot site la yo, e pwoblèm sa yo bese nivo tolerans yo; poutèt sa, ris pou eksposizyon fatal pou yo a vin ogmante.⁷ Entoksikasyon ak CO, se yon bagay ki esyansyèlman danjere tou pou tibebe ki nan vant manman yo; li ogmante konsiderableman ris pou fetis la mouri nan vant manman an, oswa pou timoun nan fèt ak kèk twoub nan devlopman I.^{8,9}

Sa rive pi souvan pamí pèp minorité yo

Gen yon etid ki fèt nan Eta Washington pamí popilasyon minorité yo ki montre ke popilasyon Ispanik la gen kat fwa plis chans ke popilasyon blan an pou li fè entoksikasyon ak CO, e ke popilasyon Nwa a limenm gen twa fwa plis chans ke popilasyon blan an pou li fè entoksikasyon ak CO. Anplisdesa, yo jwenn ke nan 67% popilasyon Ispanik la, ak 40%



popilasyon Nwa a, se brile yo t ap brile chabon andedan lakay yo ki fè yo te vin entoksike.¹⁰

Sa pou fè lè w gen dè sentòm ou panse ki ta kapab vini de yon entoksikasyon ak CO:

- Chache respire lè fre imedyatman. Louvri tout pòt ak tout fenèt; epi etenn tout recho, fou, chofaj, ak lòt aparèy kizin ki menm jan an, epi sot nan kay la.
- Rele yon sant anti-pwazon annijans nan nimewo 1-800-222-1222. Ekspè nan pwazon ki nan sant la ap fè w konnen si w ap bezwen resevwa plis swen medikal.


Pou anpeche entoksikasyon ak CO, Pa blyie:

- Fè enstale alam pou CO toupre zòn kote moun dòmi yo.
- Fè tcheke sistèm chofaj yo ak tout aparèy ou genyen ki brile gaz yo chak ane.
- Evite sèvi ak aparèy konbistib ki pa gen ayerasyon ladan yo.
- Pa janm brile kabiran andedan lakay ou, eksepte si se ak dè aparèy tankou recho, oswa aparèy chofaj ak gaz ki fèt pousta e ki pa gen okenn danje.
- Toujou prete atansyon a tout sentòm ki sanble yon entoksikasyon potansyèl ak CO.

Kèk lòt konsèy pou anpeche entoksikasyon ak CO:

- Toujou regle tout aparèy ki sèvi ak gaz kòrèkteman.
- Lè w ap ranplase yon ti aparèy chofaj pou met anndan kay ki pa ayere, konsidere pou w achte youn ki ayere pito.
- Itilize kabiran ki apwopriye a nan ti aparèy chofaj a kerozin pou met anndan kay yo.
- Enstale yon vantilitè evakyasyon ki voye van jouk deyò kay la sou anlè fou a gaz yo, epi itilize I.
- Louvri kondi yo lè w ap sèvi ak chemine a.
- Chwazi bon gwosè recho ki brile bwa yo e ki bay garanti ke yo respekte estanda EPA yo pou degajman vapè.
- Asire w ke pòt fou a bwa yo fèmen byen di.

- Fè yon teknisyen kalifye enspekte epi netwaye sistèm chofaj la ak chemine a chak ane.
- Asire w ke tout aparèy ki brile kabiran andedan kay la toujou an bonn eta e ke yo gen bonjan ayerasyon.
- Pa janm kite motè vvati w ap mache andedan garaj la, menm si pòt garaj la ouvri e ke li bay sou deyò.
- Sèvi ak ti dèlko pòtatif yo aleksteryè, lwen biling yo. Pa janm itilize dèlko pòtatif yo sou balkon oswa toupre pòt, klostra oswa fenèt kay. Pa janm sèvi ak dèlko pòtatif yo toupre kote w dòmi oswa fanmi w dòmi.
- Pa janm griye anyen sou gri chabon andedan kay, menm nan chemine a.
- Chofaj ki mache ak gaz pwopàn yo oswa chofaj ki sèvi ak lòt kalite kabiran ke yo plase nan yon ti barak lachas oswa lapèch yo, dwe gen ayerasyon ki bay sou leksteryè.
- Pa janm chofe kay ou ak yon fou a gaz.



Osijè alam pou CO

Yo ta kapab anpeche lamwatye entoksikasyon CO envelopontè yo si moun te itilize alam pou CO. Fòk Laboratwa Underwriters (Underwriters Laboratories, UL) apwouve alam sa yo, e yo disponib anjeneral nan tout kenkayri sou katye yo.¹¹ Yo pa koute chè ditou e, lè w gade posibilité ke li kapab sove lavi w ak tout lavi fanmi w, ou ka menm di se yon piyay. Enstale yon alam pou CO nan chak etaj nan kay la, epi mete l yon kote moun kapab tande l nan chak zòn kote moun dòmi yo. Swiv tout enstriksyon fabrikan yo ak anpil prekosyon sou kouman ak ki kote pou w enstale yo, kouman pou w itilize yo, ak

Kouman pou wè diferans ant entoksikasyon ak CO ak lagrip

- Puiske anpil nan sentòm entoksikasyon ak CO yo sanble anpil ak sentòm lagrip, ou kapab pa reyalize ke se entoksikasyon CO a ki ta ka lakòz yo. Jan pou w konnen kilè sentòm yo kapab rezulta entoksikasyon ak CO a, se lè:
- Ou santi w mye dèke ou pa lakay ou.
 - Gen plis ke yon moun nan kay la ki malad anmenmtan (paske li pran anjeneral plizyè jou pou yon moun pase youn lòt maladi lagrip la).
 - Manm fanmi ki pi afekte yo, yo pamí moun ki pase plis tan andedan kay la.
 - Sentòm yo parèt oswa vin pi grav yon ti moman apre ke yo limen yon aparèy ki brile kabiran nan kay la, oswa ke yo estat yon machin nan yon garaj ki atache ak kay la.
 - Zannimo domestik yo parèt malad tou, epi yo montre dè sentòm tankou yo toutan anvi dòmi oswa yo kannannan (zannimo pa atrape lagrip moun konn pran).
 - Ou gen doulè tout kote nan kò w anjeneral, yon ti lafèv leje, oswa lè glann lenfatik ou yo anfle (dènye sentòm sa yo, se dè sentòm tipik pou rim ak lagrip).¹²

kouman pou w mentni yo an bonn eta. A ladiferans de alam pou lafimen yo, alam pou CO yo konn ekspire apre kèk ane.

Piga kite yon alam pou CO ba w yon fo empresyon ke w an tout sekirite. Ou dwe itilize alam pou CO yo tankou yon bakòp sèlman depi w itilize ak aparèy ki brile kabiran yo kòrèkteman, e depi w fè antretyen yo. Sa ki genyen, sèke yo pa konsevwa alam pou CO yo pou kontwole nivo CO ki fèb yo, e gen anpil kesyon ki soulve asavwa si estanda ki tabli pou alam pou CO sa yo kapab pwoteje moun sifizaman, espesyalman sa ki nan gwooup pi sansib yo, tankou granmoun ki pi aje yo.¹³

Granmoun k ap rive nan laj avanse yo fas a pwoblèm sante ke anviwònman bay

Inisyativ EPA pou moun aje (EPA Aging Initiative) ap travay pou pwoteje sante granmoun aje kont danje nan anviwònman an, atravè jesyon ris ak estrateji prevansyon, edikasyon ak rechèch. Pou plis enfòmasyon sou Inisyativ EPA pou moun aje, gade sit entènèt la nan www.epa.gov/aging

Ou ka kòmande kopi fèy ransèyman sa a nan:
<http://www.epa.gov/aging/resources/factsheets/order.htm>

Lòt resous anplis:

Your Local Poison Center

■ **1-800-222-1222**

■ Internet: www.aapcc.org

U.S. Environmental Protection Agency

Carbon Monoxide

<http://www.epa.gov/iaq/co.html>

CDC

Carbon Monoxide

<http://www.cdc.gov/co/>

Consumer Product Safety Commission

Home Heating Equipment Safety

www.cpsc.gov/cpscpub/pubs/heatpubs.html

Carbon Monoxide Alarms

www.cpsc.gov/cpscpub/prerel/prhtml01/01069.html

Portable Generators

www.cpsc.gov/cpscpub/pubs/portgen.html

Nòt anba paj

1 Centers for Disease Control and Policy. Carbon Monoxide-Related Deaths – United States, 1999-2004. Morbidity and Mortality Weekly Report. December 21, 2007; 56(50):1309-12.

2 Home Safety Council. Unintentional Home Injury in the United States. State of Home Safety: 2004 Edition. http://www.homesafetycouncil.org/state_of_home_safety/sohs_2004_p017.pdf.

3 (CDC), National Center for Environmental Health, "Carbon Monoxide Poisoning: Questions and Answers," July 2006. <http://www.cdc.gov/co/faqs.htm>

4 The U.S. Environmental Protection Agency (EPA), Indoor

Environments Division (6607J) Office of Air and Radiation, "Protect Your Family and Yourself from Carbon Monoxide Poisoning," October 1996. <http://www.epa.gov/iaq/pubs/coftsh.html>

5 Delayed Neuropathology after Carbon Monoxide Poisoning Is Immune-Mediated, Stephen R. Thom, Veena M. Bhopale, Donald Fisher, Jie Zhang, Phyllis Gimotty and Robert E. Forster, Proceedings of the National Academy of Sciences of the United States of America, Vol. 101, No. 37 (Sep. 14, 2004), pp. 13660-13665.

EPA. 2000. Air Quality Criteria for Carbon Monoxide. U.S.EPA, National Center for Environmental Assessment. June, 2000. EPA 600/P-99/001F.

6 Centers for Disease Control and Prevention (CDC), National Center for Environmental Health, "Carbon Monoxide Poisoning: Questions and Answers," July 2006. <http://www.cdc.gov/co/faqs.htm>

7 CPSC. 2004. Non-Fire Carbon Monoxide Deaths Associated with the Use of Consumer Products: 2001 Annual Estimates. U.S. Consumer Product Safety Commission, Division of Hazard Analysis, May 13, 2004.

8 Raub, J. A., M. MathieuNolf, N. B. Hampson, and S. R. Thom. Carbon Monoxide Poisoning - a Public Health Perspective. TOXICOLOGY (145):1-14, (2000.)

9 Liu, S. Krewski, D., Shi, Y. Chen, Y, and R.T. Burnett. 2003. Association between gaseous ambient air pollutants and adverse pregnancy outcomes in Vancouver, Canada. Environmental Health Perspectives. 111:1773-1778.

10 Ralston, J.D. and N.B. Hampson. 2000. Incidence of severe unintentional carbon monoxide poisoning differs across racial/ethnic categories. Public Health Reports. 115:46-51. U.S. Department of Health and Human Services.

11 Yoon, S., Macdonald, S., Parrish, G. 1998. Deaths from unintentional carbon monoxide poisoning and potential for prevention with carbon monoxide detectors. JAMA. 279(9): 685-687

12 U.S. Department of Housing and Urban Development. Healthy Homes Issues: Carbon Monoxide, Healthy homes Initiative Background Information, December 2005. http://www.healthyhomestraining.org/Documents/HUD/HUD_CO_Brief.pdf.

13 The Minnesota Department of Health, Environmental Health Services Division, "Carbon Monoxide (CO) Poisoning In Your Home," April 2007. <http://www.health.state.mn.us/divs/eh/indoorair/co/index.html>



Haitian Creole translation of:
Preventing Carbon Monoxide Poisoning
Publication Number EPA 100-F-09-015